

NC MEDICAID FOR MORE PEOPLE

Kounye a, NC Medicaid kouvri moun ki gen ant 19 a 64 lane ki gen revni pi elve yo. Li posib pou ou kapab benefisyè kouvèti swen sante atravè Medicaid menm si ou pa t elijib anvan sa.

Medicaid peye pou ou pou vizit doktè, bilan sante anyèl, swen ijans, sante mantal ak plis ankò - ak yon pri minim oswa gratis.

NC Medicaid kouvri pifò sèvis sante yo, tankou:

- **Premye swen** pou ou ka konsilte yon doktè pou bilan sante oswa lè ou pa santi w byen
- **sèvis lopital** lè ou oblige pase nwit la (pasyan ospitalize) oswa lè ou ka ale lakay ou menm jou a (pasyan anbilatwa)
- **swen matènité ak swen aprè akouchman** si ou ansent ak aprè akouchman
- **Swen pou vizyon ak tandé**
- **Avantaj medikaman sou preskripsyon** pou peye pou medikaman ou yo
- **Sante konpòtmantal**
- **sèvis prevansyon ak byennèt**
- **sèvis sante dantè ak oral**
- **Sèvis ki gen rapò ak sante ak lòt sèvis terapi**

Kòman pou aplike pou Medicaid:



ePASS
ePASS.nc.gov

HealthCare.gov
HealthCare.gov



Aplikasyon sou papye
medicaid.nc.gov/aplikasyon_pou_enprime



An pèsòn nan biwo Depatman
Sèvis Sosyal (Department of
Social Services, DSS) lokal ou a
ncdhs.gov/localDSS



Rele biwo DSS la
ncdhs.gov/localDSS



Founisè gadri ak timoun



Travayè konstriksyon yo ap egzamine plan yo

Pifò moun ap kapab elijib pou kouvèti swen sante atravè Medicaid si yo ranpli kondisyon ki anba yo. Si ou te elijib anvan sa, ou elijib toujou.

- W ap viv North Carolina
- Genyen ant 19 a 64 lane
- Ou se yon sitwayen ameriken (kèk moun ki pa sitwayen ameriken ka benefisyè kouvèti medikal tou atravè Medicaid)
- Si revni mansyèl fwaye ou koresponn ak tablo ki anba a:

| Kantite moun ki nan fwaye a | Revni Mansyèl pou 2024* |
|-----------------------------|-------------------------|
| Granmoun Selibatè | \$1,732 oswa mwens |
| Fanmi ki gen 2 moun | \$2,351 oswa mwens |
| Fanmi ki gen 3 moun | \$2,970 oswa mwens |
| Fanmi ki gen 4 moun | \$3,588 oswa mwens |
| Fanmi ki gen 5 moun | \$4,207 oswa mwens |
| Fanmi ki gen 6 moun | \$4,826 oswa mwens |

*Nou mete ajou limit revni yo chak ane.

**Pou jwenn plis
enfòmasyon, vizite:**

Medicaid.nc.gov

Foto estanda. Pòtrè yon modèl. Pou rezon ilistrasyon sèlman Depatman Sèvis Sante ak Sèvis Sosyal nan North Carolina NCDHHS.gov • NCDHHS se yon anplwayè ak yon founisè sèvis ki bay menm opòtinite. • 04/2024



NC DEPARTMENT OF
**HEALTH AND
HUMAN SERVICES**